ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№9 (23.979) ● 2020 гъэм щIышылэм (январым) и 25, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Мэзхэр хъумэным гулъытэ хуащI

Мэз Iуэхухэмкie федеральнэ Iэнатiэм и зэIущIэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм щригъэкIуэкIащ а Iуэхущ1аnIэм и унафэщI, УФ-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ Аноприенкэ Сергей.

УРЫСIЕЙ Федерацэм и Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэмрэ федеральнэ щIыналъэхэм мэзхэм ехьэлIа Iуэхуэр щыдгъэкIыныжмкIэ пщэрылъхэр зэрагъэзащIэм щытепсэлъыхьа зэлущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, УФ-м и Президентым и полномочнэ гIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэ **Владимиров Максим**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Мусуков Алий**, Ипщэ федеральнэ округым мэз Iэнатiэмкie и департаментым и унафэщI **Костенич Пётр**, КИФЩIмрэ Ипщэ федеральнэ округымрэ мэз Iэхуэхэр зи пщэ дэлъ я Iуэхущ1аnIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIым къыщIэIэта Iэхуэхэр теухуат мэз фондым щыщ щIы Iыхьэхэр мы зэманым зыхуэдэм, мэзхэр зыхуей зэрыхуэгъаэзм, абыхэм мафIэсым зэрыщIепэщIэтым, хабзэм къемызэгъуэ жыгхэр къызэрырарупщIыкIым, нэгъуэщIхэми. IэщIагъэлIхэм утыку кърахьащ 2019 гъэм зэфIагъэкIамрэ 2020 гъэм я нэIэ зытетыну лэжьыгъэхэмрэ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, **Аноприенкэ Сергей** КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ хуищIащ зэIущIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэкIуэкIыныжмкIэ дэIепыкIуэгъуэ зэрыхуэам папщIэ. Абы жиIащ 2019 гъэм «Экологие» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ «Мэзхэр хъумэным и Iуэхуе» федеральнэ проектым къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзэщIэн зэрыщIадзар. Къэпсэлъэм къыхигъэщащ федеральнэ проектым и фIыгъакIэ мэз Iуэхуэр къызэгъэпэщыным хухах ахъшэм зэрыхэхъуар, техникэщIэхэр къызэращэхуфар.

Студентыгъуэ ильэсэхэр дэтхэнэ зы цIыхум и дежкIи щытщ Iуэху дахэхэмкIэ гъэнщIа лъэхъэнэ гумыхужу. Ар цIыхум и дуней епIыкIэр щызэфIэувэ, щIэхэм щыпIыхьуэ, екъулIэныгъэщIэхэмрэ гурыщIэхэмрэ щигъуэт зэманщ. А ильэс тельыджхэр шэсипIэ ирехъу фи гуащIэм къыхэхъуэныжмкIэ, нэхъри фарууфIэ фыхъунымкIэ, Iуэхуэм фытегушхуэфрэ муредау фщIэкъом фалъэIэсыжмкIэ.

Си гум къыбГъэдэкIыу сынывохъуэхъу фыузыншэну, насыпифIэ фыхъуну, гушхуэныгъэ фхэпIыну, еджэныкъэ творчествэмрэ екъулIэныгъэщIэхэр щызыIэрыбгъэхьэну.

Тегушхуауэ фыхуэкIуэ фи хъуэпсапIэхэм, апхуэдэу щытмэ, фэ ахэр къывэхъулIэнущ!

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

УФ-м и ПравительствэщIэм щылэжьэнухэр ягъэув

Илъэсым зэрыщIидзэрэ УФ-м и къэрал политикэм щрагъэкIуэкI зэхъуэкIныгъэхэм къыпэзыщIэу уващ Правительствэщ1э диIэ зэрыхъуар. УФ-м и Президент Путин Владимир Михаил зэригъэувым теухуа Указым щIышылэм и 16-м Iэ зэрыщIидзу, Премьер-министрыр яужь ихьащ Правительствэщ1эр убзыхуным. Правительствэм щылэжьэфыну, хуагъэув къаlэнэхэм пэлъэщIыну къыпытэхэм я щIэунэщIэхэр Мишустиным къэралым и УнафэщIым хуигъэлъэгъуащ, абыхэм хэплъэу унафэ трищIыхьын папщIэ. ЩIышылэм и 21-м Путиным къыдигъэкIащ Правительствэщ1эм хэтхэр къыщыгъэлъэгъуа, дэтхэнэми и кIуэлъхур щыгъэбеледжьила Указ.

А УНАФЭМ къызэрыщыгъэлъэгъуам ипкъ иткIэ, иджырей Правительствэм ипэкIэ лэжьам и Унафэщым къуэдзэу пщIы иIамэ, Мишустиным ейм хэтынур бгъущ. Министрхэм я бжьыгъэ зыкIэ ягъэмэщIащ.

Я къулыкъухэм трагъэкIащ вице-премьеру щытахэу Чуйченкэ Константин, Акимов Максим, Голодец Ольгэ, Гордеев Алексей, Козак Дмитрий, Мутко Виталий, министру лэжьакIэу Васильевэ Ольгэ, Колобков Павел, Коновалов Александр, Котюков Михаил, Мединский Владимир, Носков Константин, Орешкин Максим, Скворцовэ Вероникэ, Топилин Максим, Чеботарёв Сергей сымэ.

Ялэ вице-премьер къулыкъум ягъэуващ Президентым и чэнджэщэгъуэу щыта Белоусов Андрей, вице-прьемерхэщ федеральнэ налог къулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьакIэу Григоренкэ Дмитрийрэ Оверчук Алексейрэ, «Росреестр» Iэнатiэм и унафэщIым и къуэдзэу щыта Абрамченкэ Викториерэ, Москва къалэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу лэжьа Хуснуллин Марат, «Газпром-медиа»-м и правленэм и Iэтащхьэ къулыкъум пэрыта Чернышенкэ Дмитрий. Текlа Правительствэм и вице-премьерэу щытахэу Трутнев Юрий, Голиковэ Татьянэ, Борисов Юрий сымэ иджыри апхуэдэ дзыхь хуащIи, я къулыкъухэр къыхуатIэнэжащ.

Къаруэхьэ Iэнатiэкэ къулыкъущ1эр щызыIыгъаxэри трагъэкIакъым - Шойгу Сергей зыхъумэжныгъэмкIэ, Колокольцев Владимир къэрал кIуэцI Iуэхуэмкie, граждан зыхъумэжныгъэмрэ кIыхь зэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ Iэнатiэм Зиничев Евгений я министрщ. Лавров Сергеи кьыхтенэжащ нэхъапэм зи унафэ ищIу щыта, Къэрал щыIб Iуэхуэмкie мэзмэ-терствэм, юстициэмкIэ министру ягъэуващ Правительствэм и Аппаратым и УнафэщI къулыкъур зезыхьа Чуйченкэ Константин.

Экономикэ Iэнатiэм унафэ хуэзыщIынухэр: финансхэмкIэ министр Силуанов Антон (апэ вице-премьеру щытащ), экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министрыр Пермскэ крайм и губернатору лэжьа Решетников Максимщ. Мантуров Денис промышленностымрэ сатумкIэ, Патрушев Дмитрий мэкъумэщ хозяйствэмкIэ, Новак Александр энергетикэмкIэ министр къулыкъухэм кьытенэжащ.

ЗэхъуэкIныгъэ нэхъыбэ къыщыхъуаxэм ящыщщ социальнэ Iэнатiэр. Министру мылэжьауэ ягъэуващ Мурашко Михаил - узыншагъэр хъумэныжмкIэ, Кравцов Сергей - цIыхухэр егъэджэныжмкIэ, Фальков Валерий - щIэныгъэмрэ цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъэуныжмкIэ, Любимовэ Ольгэ - щIэнхабзэмкIэ, Матыцин Олег - спортымкIэ. Нэхъапэм зытета къулыкъухэм кьытенэжащ щIыуэпс хьугъэфIыгъэхэмрэ дыкъэзыуфуреихь дунеймкIэ министр Кобылкин Дмитрий, транспортымкIэ - Дитрих Евгений, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ - Якушев Владимир сымэ. ЛэжьыгъэмкIэ министру ягъэуващ финансхэмкIэ министрым и къуэдзэу щыта Котяков Максим, бжьыгъэ зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связьымрэ щIыхуб коммуникацхэхэмкIэ министрщ «Ростелеком»-м и вице-президенту щыта Шадаев Максут.

Правительствэм и зэхэтыкIэм игъэта зэхъуэкIныгъэхэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэмкie министерствэр иджы зэрыщымыIэжыр. КъуэкIыпIэ Жьжьэмрэ Арктикэмрэ зегъэужьыныгъэ министерствэм и унафэщI къулыкъур къыхуэнэжащ Козлов Александр.

Медведев Дмитрий и унафэм щIэту Правительствэм щылажьэхэу иджырейм хамыгъэхьахэм ящыщ куэдым нэгъуэщI къулыкъухэр хуагъэлъэгъуакIэщ. Псалъэм папщIэ, Мединскэмрэ Орешкиным рэ къэралым и Президентым и чэнджэщагъэуу, Козак Дмитрий УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэу агъэуващ.

Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгъуа Iуэхуэр гъэзэщIэным пэлъэщыну гуп щызэщIагъэуIуауэ жьIпIэ хъунущ процент 52-кIэ къаугъэщIэрэщIэжа Правительствэм - апхуэдэу къалъытэ зэхъуэкIныгъэхэм кIэлъыплъ политологхэм я нэхъыбэм икIи щогугъ цIыхубзым я псэукIэр езыгъэфIэкIуэну IуэхуфIэхэр абыхэм яхуэзфIэкIыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысейм и студентхэм я махуэм ирихьэлIэу щIалэгъуалэм зэрызахуигъазэ хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Урысей студентхэм я махуэмкIэ си гуапэу сыныбохъуэхъу!

А махуэ лъапIэр и щыхьэтщ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм къэралымрэ жылагъуэмрэ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэм, хэкум и къэкIуэнумкIэ студентхэм жэуаплныгъэ зэрахьым. Фэращ къызыпэщытыр къэралым зегъэужьыным, къэув кьалэнышхуэхэр гъэззэщIэным, абы и къэралыгъуэр гъэбелджэным, дуней псом щIиIэ Iулыджкр къэIэтыным хуэунэтIа мурадхэр гъащIэм хэзыпщIну. Шэч кьытесхьэркъым фи жыджэрагъыр, гъащIэм хувиIэ мурадыфIкIэр апхуэдэ кьалэнхэм фапэлъэщыныжмкIэ щIэгъэкъуэн къэзрэфхуэхъунум.

Студентыгъуэ ильэсхэр дэтхэнэ зы цIыхум и дежкIи щытщ Iуэху дахэхэмкIэ гъэнщIа лъэхъэнэ гумыхужу. Ар цIыхум и дуней епIыкIэр щызэфIэувэ, щIэхэм щыпIыхьуэ, екъулIэныгъэщIэхэмрэ гурыщIэхэмрэ щигъуэт зэманщ. А ильэс тельыджхэр шэсипIэ ирехъу фи гуащIэм къыхэхъэныжмкIэ, нэхъри фарууфIэ фыхъунымкIэ, Iуэхуэм фытегушхуэфрэ муредау фщIэкъом фалъэIэсыжмкIэ.

Си гум къыбГъэдэкIыу сынывохъуэхъу фыузыншэну, насыпифIэ фыхъуну, гушхуэныгъэ фхэпIыну, еджэныкъэ творчествэмрэ екъулIэныгъэщIэхэр щызыIэрыбгъэхьэну.

Тегушхуауэ фыхуэкIуэ фи хъуэпсапIэхэм, апхуэдэу щытмэ, фэ ахэр къывэхъулIэнущ!

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КIуэкIуэ Казбекрэ Савватеев Алексейрэ тепсэлъыхьащ математикэмкIэ центр КъБР-м къыщызэгъэпэщыным

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм щыхуэзащ урысей математик, математическэ экономист цIэрыIуэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Савватеев Алексей.

ПСАЛЪЭМАКЪЫР нэхъыбэу зытеухуауэ щытар математикэ щIэныгъэ центр КъБР-м къыщызэгъэпэщыныгъэ, математикэ щIэныгъэхэр езыгъэджэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэныгъэ, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхуакIащ Савватеев А. В. зэхилъхьа проектхэр щIалэгъуалэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэныжмкIэ, хъыбарегъащIэ технологиехэр убзыхунымрэ ахэр къэгъэсэбэпныжмкIэ сэбэп зэрыхъунур.

Савватеев Алексей КъБР-м и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ езым и зэфIэкIыр апхуэдэу лъагэу къызэралъытэм папщIэ ижи егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэныжмкIэ зыхуэхъащIэ Iуэхуэхэр илэжьыну зэрыхьэзырыр жиIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Парламентым лэжьыгъэфI зэриIэр Федерацэмкie Советым къыщыхагъэщащ

Республикэм законэр къыдэзыгъакI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ депутатхэм гу лъаригъэтащ де парламентархэм законэр къыдэгъэкIыныжмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм теухуа тхыгъэ «Парламент газетым» зэрытетам.

- УРЫСIЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкie и Советым щIышылэм и 22-м ирегъэкIуэкIа пленар зэIущIэм къыщыщIепсалъэм, - жиIащ **Егоровэ Татьянэ**, - Федерацэмкie Советым и УнафэщIым и ипэ къуэдзэ Фёдоров Николай сенаторхэм я пащхьэ ирилъхьэжащ законэр гъэхьэзырыным и лъэныкъуэкIэ 2019 гъэм зэфIагъэкIахэр. Апхуэдэу ар тепсэлъыхьащ УФ-м и субъектхэм законэр къыдэзыгъакIыныжмкIэ я органкэм ирегъэкIуэкI лэжьыгъэми. Вице-спикерым зэрыжиIамкIэ, щIыналъэхэм законэр гъэхъэзырыныжмкIэ я органкэм я зэфIэкIым зэкIэ арэзы укъэщIыркъым. Абыхэм 2019 гъэм Къэрал Думэм къыщыхалъхьа жэрдэм 205-м щыщу федеральнэ закону пхагъэкIар 9 куэдейщ. Ар щыхьэт тохъуэ дэтхэнэ жэрдэмри нэгъэсауэ зэрызэпкърамыхьи икIи юридическэ мардэхэм къиIтIасэу зэрамыубзыхуфым.

А псоми кьадэкIуэу **Фёдоров Николай** жиIащ «щапхъэ зытепх хъунухэри» зэрыщIыIэр. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыхилъхьэ законопроектхэм я процент 90-р федеральнэ закону кьащтэ.

Законхэр къыдэзыгъэкIыныжмкIэ апхуэдэ жэрдэмхэр зыгъэхьэзыра комитетхэм, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм фIыщIэ яхуищIри, Егоровэ Татьянэ жиIащ Парламентым и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм хэтхэми апхуэдэ лэжьэкIэ тэмэмыр кьамыгъэтIэсхъэну зэращыгугъыр.

Президиумым и зэIущIэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэм пыщIа Iуэхуэр зэрыщыззблагъэкIым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 22-2-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм фэтэр куэд хъууэ щыIэ унэхэм зэдай мылъкур капитальнэу зэгъэпэщIажьынымрэ зэрыгъэзекIуэкIым и Iуэхуэ» КъБР-м и Законым и 26-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэр хэлъхьэным хуэгъэзауэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм мы Iуэхуэм япыщIа зэхъуэкIныгъэхэр зэрагъэтам къыхьэкIыу.

КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкie, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсныныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщI **Токъу Руслан** зэрыжиIамкIэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэм пыщIа Iуэхуэр зэрыщыщзэблагъэкIым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 22-2-нэ статьям щIыгъужьпхъэу къаlэытащ фэтэр куэд хъу унэм хиубыдэ псэупIэр нэгъуэщI Iуэхуэмкie къаlэгъэсэпныну псэуальэхэм зэрыхуагъакIуэ щыкIэм хуэгъэза муниципальнэ кIэлъыплъныгъэр гъэтэмэныр.

Апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм фэтэр куэд хъууэ щыIэ унэхэм зэдай мылъкур капитальнэу зэгъэпэщIажьынымрэ зэрыгъэзекIуэкIым и Iуэхуэ» КъБР-м и Законым и 26-нэ статьям и Iыхьэ 3-м кьару имыIэжу къэлъытэн хуейуэ ягъэуващ, сыту жыпIэмэ, Урысей Федерацэм Псэупlэмкie и кодексым и 179-нэ статьям ардыдэ къыщыгъэлъэгъуащ икIи а Iуэхуэр Урысей Федерацэм и субъектхэм зэблагъэкIыну къабгъэдэхуэхэм хиубыдэркъым.

Законопроектым ипкъ иткIэ фэтэр куэд хъу унэхэм зэдай мылъкур капитальнэу зэрызэрагъэпэщыжам теуху актхэр ятхын папщIэ къызэрагъэпэщ комиссэм къэрал властым и щIыналъэ органым и лIыкIуэм къыдэкIуэу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органым и лIыкIуи хагъэхьэну хуит ящI.

Президиумым и зэIущIэм апхуэдэу щыхэлпльащ федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэм, Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэхэм я парламентархэм законэр къыдэгъэкIныжмкIэ къыхаlэхьа жэрдэмхэм.

ЗэIущIэм псалъэ щратащ узыншагъэр зэтегъэувэжьыным елэжь спорт школ къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Куюшин Александр**. Абы КъБР-м и Парламентым и Унафэщым, депутатхэм фIыщIэ яхуищIащ мы еджапIэм зэпымыууэ я нэIэ зэрытрагъэтым папщIэ.

- Си школым зыщызыгъасэ сэ сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ я цIэкIэ фIыщIэ фхуэощI дэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм зэпымыууэ фызэрыхэтым, сабийхэм зэрызащIэвгъакIуэм папщIэ. Иужьрей илъэситIым дэ КъБР-м и Парламентым и жьауэм дыщIэту жыпIэ хъунущ. Мы зэIущIэм иджыпсту щIэс дэтхэнэми езым хуэзфIэкI кьигъэнакъым ди сабийхэм ядэIепыкъун папщIэ. Мыбдеж мылъкум нэхъри нэхъ лъапIэкIщ фэ фхэлъ гудзакъэр, гулъытэр.

ЕджапIэм щIэсхэм, сабийхэм я адэ-анэхэм кьабгъэдэкI фIыщIэ тхыгъэ Куюшин Александр яритащ КъБР-м и Парламентым Физкультурэмрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Бэрэгъун Арсен, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкie, граждан жылагъуэ зыужьыныгъэмкIэ, хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Амщыкъуэ ФатIимэт сымэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

ТехникэщIэ кърат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэзхэр хъумэныжмкIэ и Iуэхущ1апIэхэм дыгъуасэ ираташ техникэщIэ 20.

А IУЭХУМ хэтащ УФ-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ - Мэз Iэнатiэмкie федеральнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Аноприенкэ Сергей**, КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Шаваев Ильяс**, республикэ унафэщIхэр.

«Экология» лъэпкъ проектым хыхьэу, иджы етIуанэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрохьэ транспортыщIэхэр. Иджырей мардэхэм тет техникэр щIыпIэ нэхъ гугъуэхми зэрыпхыкIыфым и фIыгъэкIэ Iэщ1агъэлIхэр щIэх нос мэзхэм къыщыхъуа мафIэсым, псори зэщIимыщтэ щIыкIэ.

- Федеральнэ проектыр ягъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къратащ техникэ щхьэхуэу 30, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - 2020 гъэм дыпоплъэ иджыри 15 къытIэрыхьэну. Лэжьыгъэ мытынш къытпэщылъщ - 2024 гъэ пщIондэ хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ тщIын хуейщ мафIэсхэм я бжьыгъэр, абыхэм зэранытгъэу къахьыр. Диlэ Iэмалхэр кьэдгъэсэбэпу, езы мафIэсхэри кьэдмыгъэхъэуным ди нэIэ тедгъэтын хуейщ. ФIыщIэ яхуэтщIыпхъэу кьызэлъытэ, Iэмалышхуэхэр ябгъэдэмылъми, иджыри щхьэ мэзхэр хъумэным зи гуащIэ емыблэжу телъжьаxэм. Си фIэщ мэхъу 2019 - 2020 гъэхэм диIэну техникэр абыхэм щIэгъэкъуэныщхуэ къахухъуну, икIи щэч кьытесхьэркъым ди мэз Iэнатiэр щыхуей хуэгъэзэным аxэр зэрегугъуну.

КъБР-м и Iэтащхьэм кьыхигъэщащ мэзым кьыщагъэсэбэп техникэр ильэс пщIы бжьыгъэ лъандэрэ зэрызэрамыхьуэIар, абы кьыхэжьыну УФ-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрствэм и унафэщIхэм щIыналъэм зыкъызэрыщIагъэкъуам папщIэ фIыщIэ зэрахуищIыр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ..

● ХъыбарегъащIэ

КIыщокъуэ Алим и фэеплъ зэхуэсым фрагъэблагъэ

КIыщокъуэ Алим дунейм щекIыжа махуэм ирихьэлIэу, 2020 гъэм щIышылэм и 29-м сыхьэт 11-м уэсакIуэм и фэеплъым и деж пэкIу къыщIэзгъэзгъэпэщынущ икIи удз гъэгъахэр щагъэтIылъынущ.

Зэхуэсым хэтахэр иужькIэ Щхьэлыкъуэ къуажэм кIуэуэ уэсакIуэм и унэ-музейм еплъыну я мурадщ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хуэну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

● ЗэІущІэ

Я лэжьыгъэм кърикІуахэм хоплъэж

Урысей МВД-м Аруан щІыналъэм щиІэ къудамэм щекІуэкІащ 2019 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм щыхэплъэжа зэІущІэ.

АБЫ хэтащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ, полицэм и генерал-майор **Павлов Василий**, Урысей ФСБ-м и республикэ Управленэм и къудамэу Нарткъалэ щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ, майор **Емкъуж Хьэжмухьэмэд**, Аруан щІыналъэм и прокурор, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь **Пащты Джамал**, Аруан щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Куэшей Азэмэт**, къудамэм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ **Къунаш Борис**, МВД-м и къудамэхэм я унафэщІхэр.

Урысей МВД-м Аруан щІыналъэм щиІэ къудамэм и унафэщІ, полицэм и полковник **Щоджэн Радион** зэпхырыхаз тепсэлъыхьащ блэкІа илъэсым я лэжьыгъэм кърикІуахэм.

- Къудамэм и Іэнатіэхэм яхуэзфІэкІащ щІэпхъаджагъэу сэтей къащІым хагъахьуэн икІи а бжыгъэр 374-м нэсащ (2018 гъэм - 275-рэ), щІэпхъаджагъэ хьэлъхэрэ, хьэлъэ дыдэхэр зылэжьахэу къыщІагъэщахэр процент 17,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Хуейуэ цІыхухэм фэбжь хьэлъэ щытрадза, яхъунщІэн мурадкІэ щытеуа щІэпхъаджагъэ псори къыщІагъэщащ ди лэжьакІуэхэм,- жиІащ къудамэм и унафэщІым.

Щоджэным къыщэрыхгъэщащи, ехъулІэныгъэхэр щаІэщ нэгъуэщІым и мыльку къэдыгъуным, абы фэтэрхэм, уней лъапсэхэм щыдыгъуэнри хьихьу, цІыхуэхр къэгъэпсынным, зэраныгъэ щІэным, нэгъуэщІым и мылькум хэщІыныгъэ ятыным пыщІа щІэпхъаджагъэхэри сэтей къэщІынным. БлэкІа илъэсхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэхэуи нэхъыбэ къыщІагъэщащ, псори зэхэту процент 68,4-рэ хъуэу.

Апхуэдэу зэІущІэм къыщыпсэлъащ полицэм и унафэщІым оперативнэ лэжьыгъэмкІэ, жылагъуэ хабзэр хъумэнымкІэ и къуэдзэхэр.

Аруан район администрацэм и Іэтащхьэ **Куэшей Азэмэт** фыщІэ яхуищІащ Урысей МВД-м Аруан щІыналъэм щиІэ къудамэм и унафэщІым.

Щоджэным къыщэрыхгъэщащи, ехъулІэныгъэхэр щаІэщ нэгъуэщІым и мылъку къэдыгъуным, абы фэтэрхэм, уней лъапсэхэм щыдыгъуэнри хьихьу, цІыхуэхр къэгъэпсынным, зэраныгъэ щІэным, нэгъуэщІым и мылъкум хэщІыныгъэ ятыным пыщІа щІэпхъаджагъэхэри сэтей къэщІынным. БлэкІа илъэсхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэхэр щІэныгъэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхуэщ1апІэм щІалъхьа нэужь лэжьагъуэ махуиблым къриубыдэу сабийр зэрыщІагъэтІысхьэм теуха унафэр хъащтэн хуейщ.

Ялэ классым кІуэну цІыкІуэхэм я ныбжьыр илъэсихрэ мазихрэ ирикъун хуейуэ къалъытэ ІэщІагъэлІхэм. Апхуэдизэ мыхъуамэ, ар еджапІэм бгъэкІуэну хуитыныгъэ къуитын хуейщ егъэджэныгъэмкІэ департаментым.

Мы гъэм ялэу школым кІуэну цІыкІуэхэр екІуалІэ хъунущ республикэм и школ 256-м ящыщ дэтхэнэми. Налшык къалэр къапщтэмэ, езанэ классым щІэтІысхьэнущ сабий минипл1. Департаментым и лэжьакІуэхэм фигу къагъэкІыж, абы папщІэ цІыкІуэхэр къэпщытэныгъэ гуэри пхыкІын зэрыхуэмейр.

КУРПЫГЪУ Синэ.

● Гу зылъытапхъэ

Адэ-анэхэм папщІэ

Мазаем и 1-м щегъэжьауэ щІадзэнущ гъэ еджэгъуэщІым 1-нэ классым кІуэну цІыкІуэхэр ятхыу. ЛъэІу тхылъхэр иджы электрон щІыкІэм тетуи Іуэхуащ1апІэхэм я сайтхэм ирагъэхь хъунущ.

АДЭ-АНЭХЭМ я быныр ялэ классым щІагъэтІысхьэн папщІэ Іуэхуащ1апІэхэм лъэІу тхылъхэм ящІыгъуу иратын хуейщ сабийр къыщэральхуам щыхьэт техъуэ тхылъым, медицинэ картэм я копиехэр. Иджыпсту республикэм ит курыт еджапІэхэм ирагъэблагъэ адэ-анэхэри сабийхэри. Ахэр хуитщ щыхуей зэманым ирихьэлІэу Іуэхуащ1апІэм екІуалІэу егъэджакІуэхэри школ унафэщІри зрагъэщІыхуну. Адэ-анэхэм къыхагъащ апхуэдэ Іуэхуэр я быныр щеджэну зыхуей курыт школыр къыхахыныкІэ куэду зэрыщъэпэр.

ЕгъэджэныгъэмкІэ департаментым и лэжьакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, адэ-анэхэри лъэІу тхылъымрэ дэфтэрэхэмрэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхуащ1апІэм щІалъхьа нэужь лэжьагъуэ махуиблым къриубыдэу сабийр зэрыщІагъэтІысхьэм теуха унафэр хъащтэн хуейщ.

Ялэ классым кІуэну цІыкІуэхэм я ныбжьыр илъэсихрэ мазихрэ ирикъун хуейуэ къалъытэ ІэщІагъэлІхэм. Апхуэдизэ мыхъуамэ, ар еджапІэм бгъэкІуэну хуитыныгъэ къуитын хуейщ егъэджэныгъэмкІэ департаментым.

Мы гъэм ялэу школым кІуэну цІыкІуэхэр екІуалІэ хъунущ республикэм и школ 256-м ящыщ дэтхэнэми. Налшык къалэр къапщтэмэ, езанэ классым щІэтІысхьэнущ сабий минипл1. Департаментым и лэжьакІуэхэм фигу къагъэкІыж, абы папщІэ цІыкІуэхэр къэпщытэныгъэ гуэри пхыкІын зэрыхуэмейр.

КУРПЫГЪУ Синэ.

● Хъыбар гуапэ

Спорт Іуэхуащ1апІэщІэу тху яухуэнущ

Налшык къалэ округым и администрацэм къалащхьэм спорт комплексхэр щыгъэувыным теухуауэ нэгъабэ зыщІидзауэ щыта лэжьыгъэм пещэ икІи апхуэдэ ухуэныгьитху мыгувэу кърагъэжьэну я мурадщ.

ШКОЛАКІУЭХЭМРЭ щІалэгъуалэмрэ папщІэ спорт зыгъэсапІэ цІыкІуэхэр къыщІэзІуахакІэщ Хьэсэней, Кэнжэ, Белая Речкэ жыпІэхэм. Апхуэдэ Іуэхуащ1апІэхэр мыгувэу ухуэн щыщІадзэнущ Налшык и мы щІыпІэхэм хуэзэу: Профсоюзнэ уэрам, 185, Головком и щІэр зезыхьэ уэрам, 89, Кулиевым и щІэр зезыхьэ уэрам, 5, Надречнэ уэрам, 135, Іэдиику жылэм и Нарткъалэ шоссе, 167.

Спорт центрхэм хэтынущ футбол, волейбол, баскетбол джэгупІэхэр, воркаутым зыщыхуагъасэ щІыпІэхэр.

КУЗНЕЦОВЭ Валерие,
Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхуащ1апІэм и лэжьакІуэ.

Іуэху щхьэпэ

Илъэсыщ1эм ирихьэлІу цІыхуэхэм къащэхуа псейхэр хьфІрамыгъадзэу абы елэжьыжьым теухуа акъэ ирагъэкІуэкІащ иджыблагъэ. Ар зи жэрдэмыр Налшык къалэ администрацэрт, къалэм зегъэужьыным, щІыуэпсыр хъумэным хуэгъэпса «Артзал «Платформа», «Эко-Нальчик» зэгухьэныгъэхэр и дэІэпыкъуэгъуу.

МЫ ЖЭРДЭМЫР яп дыдэу интернет напэкІуэцІым кърал ъхьат. «Артзал «Платформа» институтым псейхэр щыІах пункту пЛЫ къыщІэзрагъэпэщат, цІыхухэм я жэрдэмкІи Налшык къалэм щыІэ Стрелкэ хьэблэмэи апхуэдэ къыщыізІуахат. А Іуэхур цІыхухэм я дежкІэ нэхъ тынш хъун папщІэ республикэм и щІыналъэхэми псей Іыхьпі эхэр къыщІэзрагъэпэщат.

Псейхэр хьфІэзыдзэну хуэмейхэм ахэр Іыхьпі эхэм яхьри, волонтёрхэм иратащ. АдэкІэ жыгхэр мы лэжьыгъэм пэрытхэм ягъэкъэбзэнурэ къалэм и щІыпІэ щхьэхуэхэр зыхуей щыхуагъаззкІэ, зоопаркым и лъэс лъагъуэхэр къыщыізрагъэпэщкІэ, нэгъуэщІ Іуэхуэхэмкіи къагъэсэбэпынущ.

Іуэхум и зэхэублакІуэхэм я мурадщ ди республикэм хуэщхьэпэн лэжьыгъэ куэд дяпэкІи ирагъэкІуэкІыну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Псэущхьэхэр

Щомыщ къуэлэныр мэІэпхъуэ

УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ, «Азие гупэ» леопардыр (щомыщ къуэлэныр) Кавказым къыщыгъэунэхужьым хуэгъэза программэр 2007 гъэм ди къралым къыщыхалъхьауэ щытащ. ИкІи, мыгувэу, а Іуэхум телэжьэн хьисэпкІэ, Сочэ и лъэпкъ паркым къыщызэрагъэпэщат Кавказым леопардыр щызэфІэгъэувэжьынымкІэ центр.

ТХЫДЭМ къызэрыхэщыжьымкІэ, къаплъэн-аслъэн «джэду» лъэпкъыгуэхэм ящыщ азие гупэ щомыщ къуэлэным, е нэгъуэщІу жытІэмэ, «panthera pardus ciscaucasica» лІэужьыгуэм хьихьэ псэущхьэхэм лІэщІыгъуэ ипэкІэ Кавказ Ищхьэрэм и бгылъэ-мэзылъэхэм иджыри ящрихьэлІэфыну щытащ.

ДызэрыщІыгуэзащ, 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м Кавказ биосферэр мэзкъуэздым хуиту щыізжьІуэну хаутыпщхьауэ щытащ «азие гупэ» лъэпкъыгъуэм щыщ щомыщ къуэлэну щы: хьухэу Ахунрэ Тилрэ, анэу Викторие.

Леопардыр Кавказым щыгъэбэгъуэжьымкІэ проектым мы зэманым зэдолажь ЦІыхум и лъэр здынимыхуса щыпІэхэр зэрыщытауэ къызэтегъэнэнымкІэ дунейпсо фондым (WWF) и щІэныгъэхэр, Сочэ и лъэпкъ паркым, Кавказ биосферэр, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание мэзкъуэздыхэм я Іэщ1агъэлІхэр, «Кавказым и щыуэпсыр хъумэнымкІэ центр» АНО-р, нэгъуэщІхэри.

Кавказ биосферэр мэзкъуэздым къыщраша щомыщ щІэжьейхэм ящыщу тІур, Сочэ хъухьлъатэкІэ кърашри, Осетие Ищхьэрэм и «Алания» лъэпкъ паркым хаутІыпщхьащ. Щ1эжьеитІыр илъэситІ ипэкІэ къыщалъхуащ Кавказым леопардыр щызэфІэгъэувэжьынымкІэ центрым. Ахэр ирагъэщащ езыхэм я щхьэ яп1ыжьыфрэ цІыхухэм зыщагъэдзэйуэ.

Осетием и бгылъэ-мэзылъэхэм щыІэ мэзкъуэздым хаутІыпщхьа хьэкІэжхъуэкІэхэм я пщэм иращІащ хьэрщым щыІэ спутникхэмкІэ абыхэм зэрракІэлъыплъыфыну пщэхъуэхр.

Щомыщ щІэжьейхэр гъунэгъу щІынал1эм ягъэІэпхъуэн и пэ къихуэу, Урысейм Щ1эныгъэхэмкІэ и академием зыужьыныгъэмрэ экологиемкІэ и институтым и Іэщ1агъэлІхэмрэ Рус-Гидро компаниием и лэжьакІуэхэмрэ, зэгъусэу ягъэхьэзыра проектыр я тегъэщ1апІэу, Осетие Ищхьэрэ - Аланием и куэкІэбгыкІэхэм къыщІэзыщІыхь хьэІуцІыдзэм ящыщу 40-м лъы къыхащащ, абыхэм уз зэрыцІалэ къапкърымыкІыныжькІэ щэсыпІэ ихьэфын хуэдэу. Сыту жыпІэмэ, Кавказым къыщІагъэунэхужьа щомыщэм я дежкІэ хьэІуцІыдзылыр щхьныгъуэфІщ, къамыущэкІункІи Іэмал зимыІэщ.

«Дыщогуфыкі щомыщ къуэлэныр Кавказым къыщІагъэунэхужьымкІи хуэгъэза лэжьыгъэм зэрызиубгъум. Проектыр езыхэм я дежи гъэзэщІа зэрыщІыхъуным Осетие Ищхьэрэм и зоологэр илъэситІ хъуауэ яужь итщ. Ди фІэщ мэхъу ди зэпыщІэныгъэм адэкІи зэрызиужьынури, дгъэІэпхъуэ щІэжьеитІыр Аланием и бгылъэмэзылъэхэм зэризэгъэнури», - къыхигъэщащ ЦІыхум и лъэр здынимыхуса щІыпІэхэр зэрыщытауэ къызэтегъэнэнымкІэ дунейпсо фондым (WWF) и унафэщІ Честин Игорь, «РИА Новости» къыбарегъащІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм щепсэлъыпІэм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Каратэ

НэхъыфІхэм ящыщщ

Баку къалэм Спортымкіэ и уардэунэм щеКІуэкІащ каратэмкІэ V дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы и сауГъэтхэм щІэбэнащ къэрал 12-м икІа, зи ныбжьыр илъэси 6-м къыщыщІэдзауэ илъэс 17-м нэблагъэ сабий 1100-м щІигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и каратистхэм псори зэхэту медаль зэмылІэужьыгъуи 10 дунейпсо зэхьэзэхуэм къыщаІащ. Щ1ызэуа хьэпъагъэм яп1э увыпІэкІэ щауващ Шмаковэ Марие (кг 30), Гузбэшы Арнэлэ (кг 35-рэ), Мэз Идар (кг 52-рэ) сымэ. Дыжьын медалыр къихьащ Уянаевэ Самирэ (кг 35-рэ). Залиховэ Аишэ (кг 30), ТхьэлІ Тамерлан (кг 30), Иффраимов Давид (кг 50) сымэ ещанэ хъуащ.

Гуп зэпэщІэтыныгъэм къыщыхэжаныкІащ Гузбэшы Аскэр, Блий Эмир, Глашев Мусльим, Юнусов Ислъам, Хочуев СулътІан, Байсиев СулътІан.

Зи гугъу тщІа спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Гузбэшы Аслъэн, КІэмпІарэ Рустам, Мэш Азэмэт, Нэхущ Руслан, Юнусов Владимир сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэр КЪР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ **Къардэн Риммэ Къанщобий и пхъум** хуогузавэ абы и **шыпхъу Хъуран Рае Къанщобий и пхъур** дунейм зэрехьыжам къыхэкІыу.

Мы махуэхэм

ЩІыШылэм и 25, *щэбэт*

♦Урысеймрэ Белоруссиемрэ щагъэлъапІэ Студентхэм я махуэр (Татьянэхэм я махуэр)
♦Урысей Федерацэм и Дзэ-Тенджьз флотым и къуэхьэм я унафэщІхэм я махуэщ
♦1755 гъэм Москва къэрал университет къыщызэІуахащ.
♦1763 гъэм Пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ Урысей къэралыгъуэм ІэщакІэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэр.
♦1799 гъэм США-м щатащ жылэ зэрасэ Іэмэпсымэ зэрызэпкърадъхьам щыхьэт техъуэ тхылъыр.
♦1905 гъэм Африкэ Ипщэм къыщагъуэтащ дунейм щынэхъ ин дыдэ налмэсыр, «Куллинан» зыфІащар. Ар карат 3106-рэ хъурт.
♦1918 гъэм къащтащ ягъэлІыщІэ лэжьакІуэбэм къащхьэщыж, абыхэм я хуитныгъэхэр къыщыгъэлъагъуэ декларацэр.
♦1919 гъэм Деникиным и дзэхэм Налшык яубыдащ.
♦1924 гъэм Шамони (Франджы) къыщызэІуахащ 1 ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Лыжэкіэ лъагапІэм къелъэн, лыжэкІэ, лъэрыжэкІэ къызэдэжэн, кёрлинг, бобслей спорт ІІэужьыгъуэхэр олимп зэхьэзэхуэхэм хагъэхьэри, ягъэ зэпеуэхэри абы щекІуэкІауэ щытащ.
♦1936 гъэм Стахановым и лэжьакІэм теува гупышхуэ лъакъуэрыгъажэкІэ Налшык къэкІуащ.
♦1943 гъэм Воронеж къалэр нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.
♦1949 гъэм США-м япэу щатащ «Эмми» телевизионнэ саугъэтыр.
♦Ўзыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ1апІэхэр Адыгейм къыщызэгъэпэщыным и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ, УФ-м щІыхь зиІэ и дохутыр **Бэч Мэлэчхъан** къызэралъхурэ илъэсиз 112-рэ ирокъу.
♦Совет, куржы политик, къэрал лэжьакІуэ, 1995 - 2003 гъэхэм Куржым и президенту щыта **Шеварднадзе Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.
♦Сабий усакІуэ **Щоджэн Аслъэнджэрий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Совет фигурист, СССР-м щІыхь зиІэ и гъэсакІуэ **Жук Станислав** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Совет усакІуэ, композитор, уэрэджыкІуэ, актёр цІэрыІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Высоцкий Владимир** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦ТхакІуэ, режиссёр, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Безыр Чэмал** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦Мэхъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ГъукІэжь Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Уэрэджы1акІуэ, композитор, УФ-м и цІыхубэ артист **Добрынин Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щад Азджэрий** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Актёр, режиссёр, каскадёр, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист **Ростоцкий Андрей** къызэралъхурэ илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 6, жэщым щІыІэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

ЩІыШылэм и 26, *тхьэмахуэ*

♦Таможенникым и дунейпсо махуэщ
♦Интернетыр къэмыгъэсэбэпыным и махуэщ
♦Белоруссием щагъэлъапІэ щІэныгъэм и махуэр
♦Австралием и махуэщ
♦Латвие Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ
♦Индием щагъэлъапІэ Республикэм и махуэр. 1950 гъэм а къэралыр щхьэхуит хъуащ, Инджылызым и колониеу илъэс 200-кІэ щыта нэужь.
♦5100 гъэм Испаниием щыщ хыдзэлІ, къэхутакІуэ Пинсон Висент Яньес зи пашэ гупыр ялэу теуваща Бразилиием и щІынальэм.
♦1525 гъэм Урысейм и щІыналъэм и ялэ картэр къыдэкІащ.
♦1788 гъэм Австралием и къалэ нэхъ инхэм ящыщ Сидней и лъабжьэр ягъэтІылъащ Европэм икІыу Австралием ялэу Іэпхъуэхэм. Дэтхэнэ зы адыгэри дызыщыгуфІыкІа хъыбар къыІуакІуэ щытащ а къалэм 2000 гъэм. Абы олимп чемпион щыхъуат ди бэнакІуэ лъэщ Къардэн Мурат.
♦1871 гъэм Урысейм и цІыхубэхэр хуит ящІащ къэрал къулыкъуэм пэрытыну.
♦1871 гъэм Рим Италием и къалащхьэ хъущ.
♦1905 гъэм Африкэ Ипщэм къыщагъуэтащ дунейм щынэхъ ин дыдэ налмэсыр.
♦1924 гъэм Советхэм я етІуанэ съездым и унафэкІэ Петроград къалэм и цІэр Ленинградэ зэрахъуэкІащ.
♦1943 гъэм Кемеровэ областыр къызэрагъэпэщащ.
♦1944 гъэм КъБР-м Аруан щІыналъэр къыщызэрагъэпэщащ.
♦1956 гъэм Италием щыщ Кортинэ д'Амперцэ къалэ цІыкІуэ къыщызэІуахащ VII ЩІымахуэ Олимп Джэгуэр.
♦Совет кинорежиссёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ, «Освобождение», «Битва за Москву», «Сталинград» фильм щІэрыІуэр тезыха **Озеров Юрий** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.
♦Японием щыщ хьэрычэтыщІэ, Sony компание цІэрыІуэм и къызэгъэпэщакІуэ **Моритэ Акио** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.
♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Тау Хьэзешэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ тхакІуэ, цІыхухэм я хуитныгъэхэм къыщыхэщыжьымкІэ щІэрыІуэ хъуа **Дэвис Анджелэ** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат **Джэдзауэ Венерэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦Тхыдэдж, зэдзэкІакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар хъухэтэныгъэхэмкІэ и институтым и къудамэм и унафэщІ **Мэлбахъуэ Къэралбий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Канадэм щыщ хоккеист, дунейм щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ спортсменэм хабжэ **Гретцки Уэйн** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

ЩІыШылэм и 27, *блыщхьэ*

♦Нацизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ
♦Урысейм и Дзэ щІыхьым и махуэщ - Ленинград къалэр блокадэм кърагъэкІащ. Нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм я къэхъуреихьныгъэм жэщ-махуэ 872-кІэ ита къалэр 1944 гъэм советыдзэхэм хуит къащІыжащ.
♦1725 гъэм Пётр Езанэр дунейм ехыжащ.
♦1820 гъэм капитан Беллинсгаузен Фаддей зи унафэщІ къохутакІуэ гупым Антарктидэр зэрыщыІэр къаухтащ. Махуэ 750-кІэ тенджызым тета кхъухьхэм материкыр ихъуреягъкІэ къызэхакІухьат, хьитІыру 28-рэ къызэІуахат, ауэ мылылъэ Антарктидэм я лъэ теувэфакъым.
♦1859 гъэм Оттавэ Канадэм и къалащхьэу къалъытащ.
♦1904 гъэм Урыс-Япон зауэм щІидзащ.
♦1924 гъэм Москва Лениным и Мавзолейр къыщызэІуахащ.
♦1941 гъэм «КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр ягъэуващ.
♦1943 гъэм Москварэ Ленинградрэ я зэхуакУ дзэпЫ гъуэгУ зэпыщІэныгъэр зэфІагъэувэжащ.
♦1945 гъэм советыдзэхэм хуит къащІыжащ нэмыцэхэм Польшэм щащІа Освенцим гъэрэщым исахэр.
♦1967 гъэм хьэршыр дуней псом къэралу тетхэм зэрейм теухуа дэфтэрым Іэ традзащ.
♦1968 гъэм Налшык Къэрал музыкэ театр къыщызэІуахащ.
♦Австриием щыщ композитор, музыкант щэджащэ **Моцарт Вольфганг** къызэралъхурэ илъэс 264-рэ ирокъу.
♦Урыс тхакІуэ цІэрыІуэ **Салтыков-Щедрин Михаил** къызэралъхурэ илъэси 194-рэ ирокъу.
♦Инджылыз математик, тхакІуэ, и таурыхъхэмкІэ цІэрыІуэ хъуа **Керролл Льюис** къызэралъхурэ илъэси 188-рэ ирокъу.
♦Совет тхакІуэ, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Эренбург Илья** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ, уэрэд дахэ куэдым я псалъэхэр зытха **Казаковэ Риммэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь **Хьэгъэжей Джонсон** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Композитор, КъБР-м гуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Жырыкъ Заур** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
♦КъБР-м гуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бэрэгъун Руслан** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Норвегием щыщ биатлонист цІэрыІуэ, блэнейрэ олимп чемпион хъуа **Бьерндален Уле Эйнар** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.
♦Урысей теннисист, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Сафин Марат** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мастэри саугъэтщи, махъшэри саугъэтщ.

Иордан шууейхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ деж зыщапльэхь.

Къызэрызгъэзэжьнум шэч къытемыхьэ

Иорданием и пащтыхьыкъуэ Алий зи пашэ Кавказ зекІуэр дигу къыдогъэкІыж

Адыгэ мухьэжырхэм якІуа Гъуэгуанэм кърикІуэжу, Иорданием щытепщэ Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и лІыкІуэ, пащтыхь Хъусейн и къуэ Алий щауэ 50 щІыгъуу и хэкумрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ шу зекІуэкІэ зэпищІауэ щытащ 1998 гъэм. Зэм псым тет кхъухьлІэ, зэм узгум ит кхъухьлъатэкІэ, нэхъыбэм - шууэ щІалэхэм зэпача е гъуэгуанэм щытепсэлъыхьыжым, пащтыхьыкъуэм кІыхьигъэщащ езыри адыгэхэм я хамэу зэрыщымытыр. ЗекІуэр илъэс 15 щрикъуам щыгъуэ, а шухэм гъусэ яхуэхъуа гъэрым, и цІэр кІэщІимытхэу, и гукъэкІыжхэр урысыбзэкІэ Интернетым кърилъхьащ. Ар ди тегъэщІапІэу, дэри ди щІэджыкІакІуэхэм папщІэ а Іуэху дахэр дигу къыдогъэкІыж.

АЛИЙ-пащтыхьыкъуэм тыншыгъуэ зыкІылъхъуэу гу лъыпТэрэкъым. ЗэрыщауэфІыр Іупщу, ар жэщ къыщытехъуэ щІыпІэм щджей, уеблэмэ, зэрыжей къэпхэм илъу щІыбым нэху къыщыщкІи къыхуохуэ. Ерыскъы хэпльыхьи ищІыркъым, къыІэрыхьэр фІэІэфІщ. Ар къыхэзрыгукІ шхыныгъуэхэм и фІэщу щогуфІыкІ, пщІэ хэха хуащІыну хуежьэмэ, яхуидзркъым. Пащтыхь унагъуэм и щІалэ гъэфІэну фэ зытет щІалэм, гъэсэныгъэ дахэм, хьэл-эдетым и щапхъэ кУэд далъэръуащ а махуэ зыбжанэм.

Кавказ Ищхъэрэм зекІуэ ежьэну мурад зэрищІу, Іуэхум зэрырихьэжьам гу лъыпТэу, зыхуигъэхьэзырын щІидзат Алий-пащтыхьыкъуэм. Американ доллар 300.000 зи уасэ шыхэр къызэрырашэкІын гушхуэ иригъэщІащ. Мэстафэ Вячеслав Иорданием мазиплІкІэ щыпсэуащ, зекІуэм хэтыну шухэм фащэрэ вакъэрэ яхуиду. ІэщІагъэлІым и унапщІэри, абы игъэхьэзыра хьэпшыпхэм я ятекІуэда ахъщэри пащтыхьыкъуэм и жып къирахащ. Дыжьыным кІыхэщІыкІа Іэщэкэр зыщІар Адыгейм щыщ бзылъхугъэ ІэпэІэсэ Еутых Іэсиятщ. Шыхэр Къабэрдей-Балъкъэрым ирашу Иорданием зэрашам доллар 15000 текІуэдащ. Шу къэс гъэгугупщІэ къудейуэ доллар мин зырыз ираташ.

А псом щхьэусыгъуэ хуэхъуар пащтыхьыкъуэм зекІуэм хилъхьэ мыхьэнэ куурт.

- Адыгэхэр тхыдэм игъэфІаУэ пхужьІэнукъым, - жеІэ Алий пащтыхьыкъуэм. - Ауэ нобэ дунейм щызекІуэ демократием и хьэтыркІэ дэ ди адэжьхуэхэм яхуэзэфІэкІыу щІымытам дытогушхуэф. И чэзу хьуащ адыгэхэм я щхьэ Іуэху зэрахуэжьну, тхыдэкІэ я хэкум ягъэззэжьнырэ зрагъэхьулІэфыну. Ди зекІуэм и мыхьэнэр сыт жьпІэмэ, мухьэжырхэм якІуа Іуэгуанэм дрикІуэжу, адыгэ гъащІэм къыщыхъун хуей зэхъуэкІыныгъэм щапхъэ дыхуэхъунырщ. Сэ си пщэ дэспхьэжа къаІэным иткъ иткІэ, ар ялъэ лъэбакъуэ кІудейщ. ЕтІуанэ лъэбакъуэу адыгэхэм хэкум зэрихьэжьну виззкэр къыІахьныр псынщІэ ящыщІын хуейщ, хэкумрэ езыхэр щыпсэу щІыпІэмрэ зэпызыщІэ хъухьлъатэхэр щыІэн хуейщ, гъэзугуанэ лей зэпамычу, нэгъуэщІыпІэ Іумыхьэу унэм кІуэжьсфын хуэдэу.

Ди нэхъыжьхэр нэгъуэщІ зэманщ зыхапльыкІар. Абыхэм захъуэжьныр нэхъ какотхъэлъэ. Абы къыхэкІыу, щІалэгъуалэм ядэлэжьэн хуейщ. Пльпкъым и къэкІуэнур зэлъытар ахэращ. ЩІалэгъуалэм езым и пщэрылъ, и кІарур зрихьэлІэн папщІэ лъагэ иІэжьн хуейщ.

Пащтыхьыкъуэм зэрыжиІэмкІэ, шы шэсыныр зэрыщІыкІуэ и щІасэщ. Псоми ягъэщІагъэрт ар екІуу адыгэ къафэм зэрытетыр, ауэ щыхъуэкІэ, абы зыми кхъфэкІэ иригъэщІакъым, джэгум хэтыну зэрыфІэфІым щхьэкІэ, и ныбжьэгъу адыгэ щІалэхэм ирагъэсауэ аращ. Апхуэдэ дыдэу, ар шы щэсыкІэми хуеджажьым.

Шым зэрышэсу, Алий-пащтыхьыкъуэр напІэзэпІэм къуршыщхьэм долъэтей. Шымрэ шумрэ зы мэхъури, тІури зэтехуэу баузэ къыпфІощІ.

- Ар сэ къыздалъхуа къыщІэкІынщ, - жеІэ езы щІалэми, - абы зыпхуегъэсэнукъым.

Пащтыхьыкъуэм Кавказым хьэщІэу зыкъыщилъэтыжьыркъым.

- Си анэр Токъанхэ ящыщщ, адэмкІэ си анэшхуэр - убых лъэпкъым къыхэкІащ.

Абы дэщІыгъуэкІпхъэщ пащтыхь Хъусейн зыпІа бзылъхугъэри адыгэу зэрыщытар.

Пащтыхьыкъуэм ибзыщІыркъым и зекІуэм щІалэгъуэм хуэщ романтикэ тІэкІуи щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъуар. ИтІанэ хуитыныгъэм хуэпабгъэ зэпыту зэрыщытри и хьэлхэм ящщ. ЩыщІыкІым щыгъуэ, абы плъыр дзэлхэм щІэх-щІэхыу зафІигъэпщкІуурэ закъригъэлъыхьыхьэжьыр. Нэхъ ин хьуа нэужь, Инджылызым, Америкэм и закъуэ къыщынэуэрэ щыпсэуэрт, пащтыхь унагъуэм зэрыщыщыр ибзыщІу, щІыху къызэрыгуэкІыу псэуну Іэмал иІэн папщІэ. И закъуэ къэнэнкъым сыт щыгъуи фІэфІщ абы лъандэрэ.

Хуэмурэ ар дихьэхащ адыгэхэм закъригъэужьыжьын гукъыдэжьым. И гъусэу Іуэгу къыытеува щІалэ псори шууейэсщ, пащтыхьым и плъырыдзэм щыщщ. Ауэ Алий-пащтыхьыкъуэм ахэр езым къыхуэпщылІ гуэру къыІыпытэрэкъым:

- Дэ зы гуп зэрыІыгъым дыщыщщ, псори дызоченджэщ. Сэ абыхэм сратепщэу щытми, езыхэм сыкъахъумэкІэ Іуэхур зэфІэкІынукъым, сэри абыхэм зыри къазэрыщымыщыным селІэнІэн хуейщ.

Іуэгур къызэрыхахам щытепсэлъыхькІэ, щІалэм жеІэ:

- Дэ гъэгугъэлъагъуэ диІакъым, гъуэгури дубзыхуатэкъым дыкъежьэн ипэ. Дегупсысуэ дыкърикІуащ, дэнэкІэ дгъэшмэ нэхъыфІ хъуну ПІэрэ жьгІэуэрэ.

Хэт ищІэрэ, пащтыхьыкъуэр хуей къыщІэкІынт и закъуэ зэхэзекІуэну, мэзхэм, жыгхэм, псыежьэхэм ядэуэршэрыну. Ауэ абыхэм ягу къагъэкІахэм ар тепсэлъыхьыжыркъым.

Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьэбзэ районым гупыр турист хэщІапІэм къыщыывыІат. Пщыхьэщхьэм зыгуэрым, Іэдииху и чэщанэм и лъэныкъуэкІэ плъэуэрэ, цІыхубзыщІэм къыкІымрэ абы епха хъыбарымрэ пащтыхьыкъуэм жриІэжьну мурад ищІащ. Псэлъэн иригъэухри, Алий абы иджыри ныбжьаритІ худыщІигъуащ Іэдииху теухуауэ. Пщэдджыжьым пащтыхьыкъуэр и закъуэ чэщанэм бгъэдыхьащ. Таурыхъыр гъащІэм щыхуэкІуэж щапхъэхэм яз къыщІэкІынт ари.

Илъэс 24-рэ фІэкІа мыхъуа пащтыхьыкъуэм щыпІэ дахэ куэд зригъэлъагъуну хунэсат зекІуэм кьежьэн ипкІэ.

- Ауэ мы щІынапІэм хуэдэу сызыщІэзыщІэ щыІэкъым, - жеІэ абы иджы. - Си фІэщ хъуркъым езы адыгэхэм я щІыпІэм и дахагъэмрэ и уасэмрэ нэсу къагурыІуэу.

Налшык щыІэху пащтыхьыкъуэр зэрырикъункІэ цІыху къызэрыгуэкІым и гъащІэкІэ псэуащ. «Нарт» хьэщІэщым цІыху къызэрыгуэкІыр зыщІэтІысхьэ пэшым щыщІэсащ. ПщыхьэщхьэкІэ плъырхэр имыгъусу, адыгэ цейри щимыхьэу щыІэхэпІэм щызэхэзекІуэрт. Къуратыкъуэм нэгуэгъэжьакІуэ зэрыкІуам махуэ пэо ихьащ. Ауэ щэджагъуашхэ тщІынщ жаІэу зыщІыпІи къыщыуывыІахэркъым. Пщыхьэщхьэм хьэщІэщым джэдлыбжьэрэ пластэрэ, шейрэ лэкъумрэ къащыпэплъэрт. Алий-пащтыхьыкъуэм апхуэдэ гъащІэр нэхъ кьещтэ, езыр зыхэт «щхьэгъэузэхэм» (зэрыжиІар ухэрыпІыбзэщ) нэхърэ.

Иджыри укъытхыхьэну уи мурад? - жаІэри йоупщІ Алий-пащтыхьыкъуэм бысымхэр. «НтІэ», - къэрет жэуап иджы инджылызыбзэкІэ. Ауэ и жыІэкІэм къикІыр нэгъуэщІщ: «Абы шэч къытефхьэрэ?»

Зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

Пащтыхьыкъуэ Алий и гупыр Налшык къэсащ.

Гъэсашэм и вагъуэ

Урысей Федерацэм и цІыхубэ артистэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистэ, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЮНЕСКО-м Гъэздджэмрэ щэнхабзэмкІэ и дунейпсо советым хэт, куэдым фІыуэ ялъагъу уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ Гъэсашэ Наталье и ныбжьыр щІышылэм и 3-м илъэс бжыгъэ дахэ иракъуащ.

КАВКАЗ Ищхъэрэм ГъуэздджэхэмкІэ и къэрал институтым уэрэджыІакІуэ гъуэздджэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, профессор Гъэсашэ Наталье и ІэщІагъэм и щэхухэм хигъэгъуазэ студентхэм я гъуэгугъэлъагъуэ, щІэныгъэ унафэщІ къудей мыхъуу, лъэныкъуэ куэдкІэ щапхъэ яхуохъу. Илъэс щэ ныкъуэм щІигъуауэ жэуаплныигъэ ин пылъу, гу къабзэрэ псэ зыкъэлкІэ зи ІэнатІэм бгъэдэт егъэджакІуэр дэтхэнэ и зы гъэсэнми и зэфІэкІхэр къыхэкъуихьнымкІэ, зригъэужьнымкІэ доІэпыкъу.

Куэд зытхьэкъуа макъ тельыджэ зиІэ, зыхилхьэ щымыІэу зи лажьыгъэр фІыуэ зылъагъу бзылъхугъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и музыкэ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ хуищІа хэлъхьэныгъэхэр къэтыльтэгъуейщ. Ди цІыналъэм къищынэмыщІауэ, дунейм и щІыпІэ куэдми Іэгуаузэрэ удз гъэгъакІэ гъэнщІа концертхэр щитащ Наталье. Лъэпкъ гъуэздджэм и гуащІэу къалъытэ бзылъхугъэм и гъуэгуанэр гъэнщІауэ щытащ ІуэхущІафэ куэдкІэ, зекІуэ бжыгъэнщхэмкІэ. Ар щыІащ Мароккэм, Алжиром, Тунисым, Ливием, КъуэкІыпІэ, Курыт Африкэм и къэралыгъуэхэм, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Канадэм, нэгъуэщІ щыналъэхэм. Гъэсашэм дунейр къыщыщІэзыкІухьар зэман ткІийт: къэралым икІыну хуитыр зырызт, апхуэдэхэри гугъу ирагъэхьырт - зы мэскъалкІэ щэч къытрахьэмэ, я нэхъ машІэу, я гъуэгур кьызэпаупщІынут.

- Зыкъыщыдгъэлъэгъуэну дызрагъэблагъэ къэралхэм я лъэпкъ уэрэдыжь кьэзгуэту я бзэкІэ зэрызгъэззэщІэным сыхуущІэкъурт сыт щыгъуи. Ар Іуэху тыншу охуэжьэнукъым, ауэ бысымыр абы зэрыщыгуфыкІынур ещІэрти, гугъуехьри къысфІэІуэхутэкъым, - игу къеГэкІыж Наталье. - УэрэджыІакІуэм лъэпкъым хуищІ пщІэ лъагэм и дамыгъэщ ар. Уэрэдыр къэбгъуэтынир Іуэхутэкъым, зэбгъэщІэнырт нэхъ хьэлъэр. Африкэр лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэд зэрыс щІыпІэу зэрыщытым къыхэкІыу, я диалектхэри зэтехуэрэтэкъым. Ауэ, дауэ мыхъуми, нэхъыбэр зэрыпсалъэ бзэмкІэ уэрэд зэзгъащІэрт.

Адыгэ, урыс, хамэ къэрал композиторхэм я оперэхэм щыщ ариехэу, уэрэдхэу Гъэсашэм игъэзащІэр фІыуэ зылъагъу цІыху мин бжыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ къищынэмыщІауэ, Европэм, хьэрыт къэралхэм, Латин Америкэм куэду щопсэу. Дунейпсо классикэ лэжьыгъэ нэхъыфІхэм ящыщу Гъэсашэм нэхъ къохъулІэ Верди Джузеппе и «Травиата», «Риголетто», «Сицилийская вечерня» оперэхэр, Кальман, Штраус, Легар, Оффенбах, нэгъуэщІхэм я опереттэхэм ящыщ арие щІэрыІуэрэ. Зи зэфІэкІым хэзыгъахъуэу къекІуэкІа, зыми хэмыгъуащ уэрэд гъэззащІэкІэ гукъинэж зиІэ Гъэсашэм и лъэныгъэм куууэ зэрыхищІыкІыр къалъытэри, ар уэрэджыІакІуэхэм я зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ ирилъхьэрт, - егупсысащ ар, зыкъиІэтыжырэ.

Дыгъэгъазэм Иллазаровыр уІэгъэ хъури, зауэм кьыуашащ. УІэгъэщым здыщІэлъым абы щІипщІытыкІыжырт кьигъащІа илъэсхэр, и псэуКІар. АтІэ абы и ныбжьыр илъэс тІощІым зэрыщІхьэдэхрэ куэд щІакъым. Илъэгъуаишхуи щІыІэкъым, итІани, Іэфпу игу кьигъэжьІыжьын иІэт: школыр, комсомолыр, егъэджакІуэхэр, дуненаплъэ ежьа пионерхэм мафІэшхуэ зэщІагъэстрэ и хъуреягъым кьыщыфсу, щыджэгуэху зэрыщытар.

«Нэхъ пасэу балигъ сыхуащІэрэт», - жиІэу къэхьуащ. 1934 гъэм ебланэ классыр кьиухри, вакъэ щащІ фабрикэм лэжьэн щыщІидзащ, комсомолым абы щыхьхьащ. Нэхъ иужьыІуэкІэ Исай шофёру щІакхъуэ гъэжьапІэм щолажьэ. Илъэс пщыкІуиймитуу фыз кьешэ. Надярэ абырэ зы бын зэдагъэтауэ зауэр къэхъеящ.

И анэмрэ и щхьэгъусэмрэ кьрагъэжьащ. И анэм ерагъкІэ зиІыгъыр. «Гъуэгу махуэ, си щІалэ, уи щхьэр хъумэ», - жиІэу зригъэззэкІыурэ и нэпсхэр щІилъэщІыкІырт. Сабийр зи Іэблэм тес Надя и нэпсхэр игъэпщкІуртэкъым. «Ди щІалэ щыкІуи и хьэтыркІэ зыхуэсакъыж... Зыхуэсакъыж». Иджыри къэс а псалъэхэр и тхьэкІумэм итщ, и щхьэгъусэм и макъыр щыгъупщэркъым... ИтІанэ ар щыгъуаззт Надя бын етІуанэм зэрыпэплъэм. Абыи хьэльэщ», - егупсысащ ар, зыкъиІэтыжырэ.

Дыгъэгъазэм Иллазаровыр уІэгъэ хъури, зауэм кьыуашащ. УІэгъэщым здыщІэлъым абы щІипщІытыкІыжырт кьигъащІа илъэсхэр, и псэуКІар. АтІэ абы и ныбжьыр илъэс тІощІым зэрыщхьэдэхрэ куэд щІакъым. Илъэгъуаишхуи щІыІэкъым, итІани, Іэфпу игу кьигъэжьІыжьын иІэт: школыр, комсомолыр, егъэджакІуэхэр, дуненаплъэ ежьа пионерхэм мафІэшхуэ зэщІагъэстрэ и хъуреягъым кьыщыфсу, щыджэгуэху зэрыщытар.

«Нэхъ пасэу балигъ сыхуащІэрэт», - жиІэу къэхьуащ. 1934 гъэм ебланэ классыр кьиухри, вакъэ щащІ фабрикэм лэжьэн щыщІидзащ, комсомолым абы щыхьхьащ. Нэхъ иужьыІуэкІэ Исай шофёру щІакхъуэ гъэжьапІэм щолажьэ. Илъэс пщыкІуиймитуу фыз кьешэ. Надярэ абырэ зы бын зэдагъэтауэ зауэр къэхьеящ.

И анэмрэ и щхьэгъусэмрэ кьрагъэжьащ. И анэм ерагъкІэ зиІыгъыр. «Гъуэгу махуэ, си щІалэ, уи щхьэр хъумэ», - жиІэу зригъэззэкІыурэ и нэпсхэр щІилъэщІыкІырт. Сабийр зи Іэблэм тес Надя и нэпсхэр игъэпщкІуртэкъым. «Ди щІалэ щыкІуи и хьэтыркІэ зыхуэсакъыж... Зыхуэсакъыж». Иджыри къэс а псалъэхэр и тхьэкІумэм итщ, и щхьэгъусэм и макъыр щыгъупщэркъым... ИтІанэ ар щыгъуаззт Надя бын етІуанэм зэрыпэплъэм. Абыи

И лэжьэгъуэхэр и гъусэу. *2007 гъэ.*

Наталье ягъэлъапІэ. *2010 гъэ.*

Иллазаров Исай и цІэр зэрехьэ

Мэзкуу зыхъумэжхэм ягу къэкІыртэкъым зымащІэкІи бийм худачыхьну. Ахэр лІэн-къэнэну пэщІэзуват езыхэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ, Іэщэ лъэщкІи зэщІэуэзда биидзэм. ИгъащІэм къэмыхъуа лІыхъужьыгъэхэр зэрахьэрт, нэгъуэщІ Іэмал щамыІэжьмэ деж лагъыжьэр ябгъэм щІапхэрэ танкхэм щІэгъуалъхьэу, я бгъэмкІэ дзотхэр зэхуащІу... АтІэ фашистхэм я гугъащ махуэ бжыгъэкІэ Мэзкуу къащтэну, дуней псом зэхахьу ар ягъэхъыбарат...

ГИТЛЕР и унафэр ягъэзащІэу Германием и дзэ Іэтащхьэхэр зыщысхьыжьыркъым, зы дзэм адрейр кІэлъыкІуэу Мэзкуу кърауТыпщырт. Мис апхуэдэ Іэпэ-ІэзэфІэхь зэману Мэзкуу деж зауэм щыІухьащ ди хэкуэгъу Иллазаров Исай.

... Зыльэгъуаэхэм ящІэж 1941 гъэм и щІымахуэр уаеу зэрыщытар. ЩІыІэр градус 50-м щынэс щыІащ, ауэ абы щхьэкІэ зауэ гуащІэхэр зэпыуакъым... Ауэ зыхэуа ротэм уэздыгъей мэзым и лъапэм деж зыщигъэбыдат. Ялъэ зауэм Іухьэ дэтхэнэми хуэдэу, Иллазароври гуэзавэрт: «Дауэ сыкъыщІэкІынну пІэрэ? ЕмыкІу къэзмыхьащэрэ», - жиІэу. Нэхущым деж къыІалъэгъащ абы уэс Іув зытелъ губгъуэшхуэм къыщыхъея бийхэр: танкхэр зэбгъурыту къакІуэрт, лъэсыдзэр абыхэм я ужь итыжьт. ЯлъэщкІэ топышэхэм фиин щІадзащ, итІанэ Іэхъум хьхьащ пулемётхэр, автоматхэр, фочхэр... Шэ зэщІэфием, лагъым къэузжхэм уэсыр ядэткІурт, щІыр дэгъэзырт. Ди топхэм танк зыбжанэ якъутащ, итІани, фашистхэм кьебгъэрыкІуэн щагъэтыртэкъым, хьэдэ лъэмыж зэрызэтехъуэри кьрадзэртэкъым. Сыт хуэдиз фашист зэтраукІат а махуэм! Езым и фочыпэмэ зы бий ихьакІэт. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІыу бийр икІуэтыжащ... Исай уэсым хэст пщІэнтІэпсыр зрикъуэкІыу, хуабжьу зэрешар зыхищІэу. «КъызэрыщІэкІымкІэ, зауэм уІутыныр лэжьыгъэ

иригъэзавэрт. «Аргуэру зы къаухъуэмэ, дауэ я Іуэху екъулІэр?» - жиІэу. Ауэ унэм кьикІыу япэ письмор къыІэрыхьа нэужь и гур зэгъэжащ. Зэныссэзэгуащэм кьатхырт абы етІуанэ щІадза цІыкІур къызэрыхуалъхуар, Владимир зэрыфащар, къэралыр къаэзрыдэІэпыкъур.

Езыми письмокІэ яхуиІуэкІащ Москва зыхъужмэхэм зэрахэтыр, бийр куэд мыщІэу зэрызэхакъутэнур. «Мы кІуэцІрыхун фашистхэм зэ датевгъакІуэ, итІанэ нэзгъэззжынщи, дефІакІуэу дыпсэунщ», - апхуэдэу иухырт и тхыгъэр...

Уэнушэ зэрыхъужу, ар зауэм Іухьэжащ. Москва деж щикІуэтыжа бийм иджыри и кьару илът, иджыри зауэр кьиухьэхун и гугъэт. Зы кьали, зы кьужаж, зы псы зэпрыкІыпІи кьигъанэртэкъым лъы имыгъажэу. Ауэ зи Іэщэми зи цІыхуми хэхъуэ советыдзэр абы кьыхуэзэтегъэуВыІакъым. ЕбгъэрыкІуэхэм яхэту Иллазаровми зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэр километр миным щІигъуКІэ икІуащ, зауащ лІыгъэ кьигъэлъагъуэу. Бийм щысхь хуиІакъым. Белоруссием щызауэу Исай и бгъэм кьыхалъхьащ ЩІыхь орденым и

ещанэ нагъыщэр.

... Витебск лъэныкъуэмкІэ ди дзэр ямыгъэкІуэну фашистхэм зыхъумэжьпІэ лъэщхэр яухуат. Бийм нэхъ зыщигъэпхъащэ щІыпІэ гуэр кьищтэну сержант Иллазаровыр зыхэт ротэм къаІэн кьыщащІ. А щІыпІэм ебгъэрыкІуэну ротэр Іожьэ. Ауэ фашистхэр зыдэс щІытІхэм нэсным кьэнэжа щымыІэу, топхэмрэ пулеметхэмкІэ бийр кьахэуэу щІедзэ. Ди зауэлІхэм щІым зыхаубгъуэ. Ротэм и командирыр кьукІащ, Іуэхур хэпльэгъуэ мэхъу. Я щхьэр крамыгъэІэту бийм щэр кьатрегъэпльалъэ. Исай и щхьэр кьыдрехьейри, зеплъыхь... Зы дакъикъэ дэкІыжмэ, псори Іисраф зэрыхъупэнур кьыгуроІуэ. «ЛІэнми лІыгъэ хэльщ», - жеІэри, зыкъеІэт.

272-нэ гвардие полкым и командир, подполковник Пешков зэритхыжамкІэ, а зауэр мыпхущэгу екІуэкІащ:

«... Мыхьэнэшхуэ зиІэ а дакъикъым, шэхэр кьыззрелъэхьуэм хуэдэу, Иллазаров Исай зыкъиІэтащ, хьэуэ, зыкъиІэтакъым, автомат гъэпкІар иІыгъыу кьыщылъэтри, кІиящ: «ЯпэкІэ, ди Хэкум папщІэ!» Бийр здэщыІэмкІэ ильащ... Иллазаровым зимыгъэгъвэу командир къалэлыр и пщэм дильхьажат, бийм зэратекІуэнур я фІэщ ищІри, зауэлІхэри зригъэдІуащ. И щхьэкІэ лІыхъужьыгъэшхуэ кьигъэлъагъуэу, дзэ пакІэм унафэ тэмэм зэрыхуищІыфыр кьигъэнаІуэу япэкІэ ильащ. Шынэ зымыщІэ Иллазаровыр япэ итщ, абы тегушхуэныгъэшхуэ хэлъу кьыщІэзыщІэзэрыр, шэр бийм трагъэлъалъэу, абы и щІытІхэмкІэ зэрехьэжьащ. Иллазаров хахуэр зауэлІхэр щыгъуу щІытІхэм нэсащ. Шэм кьела нэмыцэхэр ІэпщэрыбанэкІэ зэтрауКІэуэрэ, япэ зыхуэза щІытІыр кьызэранэкІащ. Абдежым Иллазаровым унафэ ещІ, яхэщІыр яхэщІу, бийм и ужьыр хун хуейуэ. АбыкІи нэрылъагъу ещІ зауэм и Іэмал щІэуэ кьежьахэм фІыуэ зэрыщыгъуаззр...»

АдэкІэ полкым и командирым итхыгъат Иллазаровым и сэбэнкІэ Карташи кьуажэр кьызэращтар, бийм и зэуапІэ Іэнатіэр зэпрытхъа зэрыхьуар, а зэхэуэ гуащІэхэм Иллазаровым и Іэкіэ фашист куэди зэрыщыкъитІащар.

Зауэлі хахуэм хуэфащэ гулъыти кьыкъуащІыжащ - 1945 гъэм ГъатхэпІэм и 24-м дунейм кьытехьащ ар Совет Союзым и ЛІыхъужь зэрыхъуамкІэ унафэр. Ауэ Иллазаровыр абы щыгъуэ псэужакъым - латышхэм я щІынапІэр хуит кьэзыщІыжхэм яхэту 1944 гъэм фокІадэм и 6-м кьауКІащ. Ар щыщІалъхьащ зауэлІхэм я кхъуэ Баускс кьалэм щыІам.

НАЛШЫКДЭСХЭМ ягу ихурхъыІ я хэкуэгъу лІыхъужьыр. ЯгъэлъапІэ, яІэт абы и пщІэр. Иллазаровыр зыщеджа епщІанэ курыт еджанІэм зэрехьэ абы и цІэр. Налшык щыІэщ Иллазаровым и цІэр зезыхьэ уэрами. Ригэ, Минск, Налшык кьалэхэм Хэку зауэшхуэм теухуауэ я кьыщыдзкІэ тхыпхэм Исай и гъащІэм, зэрихьа лІыхъужьыгъэм ятеухуа тхыгъэхэм укъыщеджэнущ.

Илъэсхэр макІуэ, гъащІэми зэхъуэкІыныгъэ Іэджэ кьыщохьу, ауэ Хэкум зыщигъэгъупщэркъым Иллазаровым хуэдэ и бын пажэхэр, гуэзвэгуэу махуэр кьыщысым лъэхэм зи гъащІэр щхьэуэзыхь хуэзыщІэхэр. Абыхэм я фэеплъ щІыпІэхэм яхьыну удз дахэхэр сыт щыгъуи мэгъаГъэ.

ХЬЭФЫЦІЦІЭ Мухьэмэд,
УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Зыгъэхьэзырар щХьэщэмыщІ Иззэт

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Лъэпкъ музейм къыщыдэІуах Хьэфіыціэ Мухьэмэд къызэригъэпэща еплъыныгъэр. Ар теухуащ адыгэ цІыху щэджащэхэм. *2009 гъэ.*

● Псалъэжьхэр

Бгыр Іэмалкіэ якъутэ

♦Акъылыр Іэхум и лъапсэщ.
♦Бысымыр хъэщІэм и Іэхутхьабзащіэщ.
♦Гуащэ мыхъу жьантІакІуэщ.
♦Гъэмылэр гъуэгум щыхьэлъэкъым.
♦Гъунэгъу щІы кІалэ нэхърэ, жыжьэми - губгъуэ.
♦Зи ныбэ изым гуныкъуэгъуэ ищІэркъым.
♦Зылъэкі и джатэ кІыхьщ.
♦Бгыр Іэмалкіэ якъутэ.
♦Зышэчым тралъхэ, зыхьым тракъуэ.
♦Насып зиІэм шыІэ иІэщ.
♦Пщы зыфІэпщым пщыІ къыпфІещ.

● Тхыгъэ кІэщІхэр

Лъэпкъыр зыхуэдэр къэпщІэну ухуеймэ...

«Сэ поэзиер фІыуэ слъагъуркъым», - жызыІэ урохьэлІэ. Ауэ ар пэжкъым. Езы поэзиер арац апхуэдэ цІыхур «фІыуэ зымыльагъур», сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы и лъагагъым нэс заІэтыфыркъым апхуэдэ цІыхухэм я гурыщІэм, я гупсысэм, зэхэщІыкІым. Поэзием фІыуэ ильагъур ар къызыгурыІуэрщ, зи псэмрэ зи акъылымрэ утІыпщауэ зыгъэлэжьэф цІыхурщ.

* * *

Ялэ итахэм пщІэ яхуэщІын хуейщ, къалэжьауэ щытмэ. Ар цІыху обществэм и хабзэхэм ящыщщ. Ауэ уи ялэ ита псори (тхакІуэхэр, художникэр, нэгъуэщІхэри) уэр нэхърэ сыткІи нэхъыфІу, абыхэм я Іэдакъэщіэкіэхэр узыльэмыІэсыр лъагалІэм нэсауэ къэплъытэнырр щыуагъэщ. Абы щыхьэт тохъуэ Пикассо и псалъэхэр: «Уэ ялэу зыгъуэ уолэжь, ауэ уи яужькІэ зыгуэрым ар уэ зэрыпщІам нэхърэ нэхъ дахэу ещІ».

* * *

Лъэпкъыр зыхуэдэр къэпщІэну ухуеймэ, абы и Іуэрыуатэм: хъыбарыжьхэм, таурыхъхэм, шыпсэхэм, эпосым щыгъуазэ зыщІ. Псы къабзэм хэлъ мывэхэр къыззрыхэщым хуэдэу, абыхэм кахоуд а лъэпкъыр зыщІэхъуэпсыр, абы насыпу къиІьытэр, и мурадхэр, и хабзэхэр. Лъэпкъ куэдым я фольклорым нэхъыбэу къыхэщыр ахъшэщ, абы екъэлІащ я гъащІэ псор. АтІэ фыхэлпъэт ди адыгэ Іуэрыуатэм, нарт хьыбархэм. Абыхэм ахъшэ гугъу хэткъым, хэтыр лЫгъэ зехьэн, лІыхъужьу щытын, захуагъэм тетын, нэгъуэщІу цІыхур зыІэт, зыгъэфІ - мис ахэращ.

* * *

ГъащІэм и щэхур къэпщІауэ къэплъытэу ухъуамэ, кхъыІэ, къысхуэгъэгъу, зы чэнджэщ уэстыныщи: Іэмал имыІэу дохутыр зэгъэлъэпІ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Къэб шыпс

Къэбар ятхьэщІ, ялъэщІыжри, Іупщіэурэ зэгуауэ, жылэхэр кърах. Къэб Іупщіэхэр и фэр къыдэгъэзеІуэ шыуаным иралъхьэ, псы щыІэ тІэкІу щІакІэри, и щхьэр тепІауэ хьэзыр хъуху ягъавэ. Къэб вар шыуаным ирахьижри, тебэшхуэм иралъхьэ, и хуабагъыр градус 25 - 30 хъуху ягъэупщІыу. И кур бжэмышхІэ кърах, кІэструл лам иралъхьэри, къэбэр зэрагъэзва псыр хакІэурэ фІыуэ зэхалІытІэ. Ар иримыкъымэ, псы гъэва хуабэ хэкІэн хуейщ. Тыкъыр къыхэмынэжьыкъу къэбар япІытІ, итІанэ шыбжиипс хакІэ, фІыуэ зэІащІри, и щхьэр тепІауэ хуабапІэм ягъэув. Къэвэн щхьэкІэ жэщитІрэ махуитІкІэ щагъэт. КьимыкІыу, пщІыпщІу къовэ. ИтІанэ мафІэм трагъэувэри, дакъикъэ 15-кІэ къагъэкъуалъэ. Иужькіэ кхъузанэкІэ яз, фошыгъу халъхьэ, зэ къагъэкъуэлъэжри, зэІащІэ, кхъуэщІным иракІэри, и щхьэр щхьэщыпхыкІауэ щІыпІапІэм ягъэув. Къэб шыпсыр щІымахуэ шхыну щытащ. Ар сырын хуейщ, арыншамэ, псынщІэу зэкІуэкІынущ.

Яшхыну къэщащтэкІэ шыпсыр зэІащІэ. Ар шэ е шатэ хакІэурэ, бжэмышхІэ яшх, щІакхъуэ, чыржын, мэжаджэ, лэкъум и гъусэу. Шыпсыр пІащІэ дыдэ ящІырчынукъым! - жиІащ ТІкІам.

- Хьэуэ, колхозым учётчик иІэнущ, щхьэж къилэжьар ирагъэкІынущ, - жиІащ мыдрейм.

- Хьэуэ, Мурид, сыхьэмыгъэзыхь, апэщІыкІэ сепІыынщ абы хыхьахэр зэрыпсэуэм, итІанэ сэри сыхьэхьэнщ, - жиІащ ТІкІам.

- Хьунщ, плъагъунщ колхозхэтхэр фІыуэ зэрыпсэнур. Дэ трактор диІэщ, гуэдзыІуэ машинэ диІэщ. Уэ уи шитІымкІэ увэфынукъым, уи закъуэ гугъу уехьинщ, - жиІа щхьэкІэ, ТІкІам имыдэу щІэкІыжащ.

Жэщ гуэрым, ТІкІам гъэзлъыжауэ здыхэзыльым, Къзанш Бэчмырзэ яхэту и ныбжьэгъу зыгІыщ зэрегъэфауэ блэкІыжхэрти, «ТІкІам, ТІкІам!» - жаІэурэ джахэщ. «СагъэтІысыну къэкІуащ!» - жиІэщ, джанэ пщІанэу къыщІэжри, ТІкІам нартыху хадэм нэху щыху хэсауэ щытащ. Пщэдджыжьым, епІэщІэкІыу шхэщ, кІуэри, колхозым хыхьащ.

Ауэ, хыхьа щхьэкІэ, абы колхозыр илъагъу хъуртэкъым.

Бригадэм лажьэу щыхэтми, ефэ гуп щахэсми, щизакъуэми, «колхоз» жаІамэ, ТІкІамыр ину папщэрт. Ар зэхэзых псоми: «Умыпапщэ, ТІкІам!» - жаІэрт. Ар псэльафэу къахуэнащ си къуажэгъуэжм.

Дол ТІкІам Хэку зауэшхуэм и пэкІэ дунейм ехьжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

● Ди къуреягъкІэ

Гъуэгум къыщыхъуар

ЩІымахуэу умыщІэну, хуабэт дыдэгъаэз мазэр. Уеблэмэ вакъэ хуабэ щамыгъагъыжьыфу, туфлъэкІэ къыдэкІаэмэи уащрихьэлІэрт уэрамхэм. Уэсыр сфІэфІыщэуи жыслэфыныгэкъым, ауэ, а гъэм сэр дыдэри сызыхигъэзэшат!

Медицинэ колледжым сыкъыщІэкІыжри, махуэхэр кІэщІ зэрыхъуаи сигъэпІащІэу, тхылъымпІэ Іуэху гуэркэр зэхэзгъэкІын хуейти, Лениным и цІэр зезыхьэ проспектымкІэ сунэтІащ...

Зы сыхьэт сыщыгъвагъэнщ сыздыуІухьами. Арати, пшапэр зэхэуэу щІидзащ. Къуажэм сыкІуэжынути, вокзал лъэныкъуэмкІэ кІуэ маршруткэм ситІысхьэри, бззэрым дэж сыкъыщикІащ, зыгуэр хэсащэхуну. Гъуэгур зэпэуэпщІауэ сыздэкІуэм, си щыбагъымкІэ Іуэрлъауэшхуэ щызэкэсхащ. Псори къэувыІауэ зы лъэныкъуэ гуэркІэ плъэрт. КъызэрыщІэкІымкІэ, зы нанэ щІыкІу, щІакъуэ баш иІыгъыу, имычэзуэу гъуэгур зэпиупщІыну техьауэ арат. Абы игъэгужьея шофёрым псынщІэу гулъэфым трикъуэзэр, «жьэхоуэ иджы!» жьпІэну, нанэм и пащхьэ дыдэм къыщыувыІащ. Абы и ужь иту къакІуэ машинэми трИуэнтІыкІри, къэуувыІащ. Е гузавэу и щхьэр джэрэзэ е къэщта - нанэр къызэфІэмэхащ. Ар зылъэгъуа, жьэхэуэ пэта шофёрыр къижри, нанэм бгъэдэлъэдащ, дэри абыкІэ дунэтІащ. Хэт «Дэлэпыкъуэгъу псынщІэм» псалъэрт, хэти аптекэм жат, хэти къэмыувыІэххэу и гъуэгу икІуэрт. Нанэр къищтауэ машинэм зыхъ щІалэм мыдрей абы и ужь итa шофёрыр бгъэдэлъэдауэ йоІунщ:

- ПщІэнур сыт уэ Іейм? Уэращ якъуэсІэр?!

- Зиунагъуэрэ, мы сІыгъыр умылъагъуу ара?! ІукІи, сымаджэщым сыгъаишэ! - жиІащ нанэр зи Іэпплэм илъ щІалэм.

Нанэм зыкъищІэжат, ауэ кІэзызыпрт, яутІыпщыну лъаІуэрт. Нанэр имыгъэуву машинэм иригъэтІысхьэри, мыдрейм жиІэр здыжиІэм, езыри итІысхьэжащ. ИтІысхьэжкам бжэр хуригъэщІрэ! Арати, машинэр гъуэгум тригъэкІуэтри, щІалэр къикІащ:

- Е, зиунагъуэрэ, узыуейр сыт?

- Сызыхуейр - тэмэму къэжьыхь е къуымыжьыхьыхэ! Къыбгурыіуа?!

- ЕзбгъэгъэукІынут фызыжьыр, Тхьэр зыгъэпэжын?!

- ЩызымыкІуэжьыфкІэ, къымыпщэпщыхьу унэм щІрыпес!

- Іэу! Ар дауэ жыІэкІэ?

Ауэрэ, «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэр» къэсри, нанэр Іуашащ: «Сыхуея мыгъэкъыым... Алыхьым щхьэкІэ къысхуэвгъэгъу...», - жиІэурэ. Дэри хуэмурэ дыкъызэбгрыкІыжащ.

«Бын имыІэмэ-щэ? Хуэщэхуэн, къедэжэщІэн, хуабэу зыгъэшэн и унэм щІэмысмэ-щэ? Уэ узэрыхьунур пщІэрэ, абы и ныбжь унэсмэ?» - иджыри си тхьэкІумэм итт щІалэ губзыгъэм и псалъэхэр...

Алыхьым и фІыщІэкІэ, унэми узыншэу сынэсыжащ. Сыкъызэрыгувам иригъэзва си анэр къыскъэрыупщІыхьырт кІыфІ сыщІэхъуамкІи, жесІэжащ Іуэгум къыщыхъуа хъыбарыр. Си анэр хэгупсысыхьэу щыст и нэр пльызу. Сыбгъэдыхьэри, Іэпплэ есшэкІащ. Къызэплъщ, Іэ къыздилъэри, а зэрыхэгупсысыхьам хуэдэурэ къэпсэльащ: «Я Алыхь, нанэми гущІэгъу къыхуэщІи, дэри гущІэгъуншэхэм дащыхъумэ...»

ШОРЭ Маринэ.

● Жанхъуэтхьэблэ хъыбархэр

«Умыпапщэ, ТІкІам!» - жаІэрт

Ди гъунэгъу Дол ТІкІам граждан зауэм щыгъуэ Къатхъэн Назир и дзэм хэту тІэкІуэрэ зэуат. И адэ Уэрыши езы ТІкІами Совет властыр щыувам щыгъуэ ящу абы ешэлІахэм ящыщыт. Ауэ Совет властым иригъэкІуэкІ политикэр игу имыихьу, и бий хъужат. Колхоз яухуэну зэпхыжьаІыкІыу щыщІадзам, ар зымыдэ Чэрты Исмел и хъыбар щэхуу зэрахьэрт.

ТІкІам зы пщыхьэщхьэ хъэмынэу си адэ къуэш Нухь дежи кІуэурэ хъыбару зэхихар хуиІуатэрт. Чэртым и шуудзэр куэд дэмыкІыу къакІуэу, Совет властыр инкъутэну жиІэрт. Сэ сыцІыкІуу, си адэ къуэшым и къуэ ЩІыхьым сыздэжгуу абыхэ я унэм сыщыщІэсым деж, ТІкІам си адэ къуэшым хуиІуатэ хъыбархэм сыщІэдэІурт, ауэ зыри къызгурыІуэртэкъым.

ТІкІам и цІэ дыдэр Хьэжпагъэт, ауэ абыкІэ зыри емыджэу, псори зэреджэр ТІкІамт. Ар пащІэшхуэ зытет лІы гъум кІэщІт, лІы пхъашэт. ШитІ - зыр пцІэгъэуплъу, адрейр къарэу - иІэти, тІури икІи шы сыгушт, икІи уанэшт. И шым ныкъуэлъахъэ ирилъхьэрт, шэсырт, къамышымкІэ фІыуэ хэуэрти, шым лъэмыкІыу, кІуэр хуабжь и къажьыхьырт.

ТІкІам фыз къыщишам щауапІэ здэкІуэжауэ щытар си адэ къуэш нэхъыщІэ ТІутІ дежти, ар хуабжьу игъэблагъэрт.

ДэнэкІэ хьэгъуэлІыгъуэ, ефэ-ешхэ къыщыхъуами, кІуэрт, уэрэд куэд ищІэрти, жиІэн фІэфІт.

Зы бжьыхь фІэкІа дяку дэмыту ТІкІамрэ дэрэ дыззбгъэдэст. Сэ абы фІы дыдэу сыкъыльагъурт.

ТІкІам ящыщт-тІэ колхозым хыхьэн зымыдахэм.

Си къуэш Мурид парткомти, щэджагъуэм щхэну къыдыхьэжауэ ТІкІам къриджащ.

- ТІкІам, дэ игъащІэ льандэрэ дызэбгъэдэсщ, зэкъуэшым хуэдэу, ди ерыскъыу зэІурылъу дызэдопсэу. Си жагъуэ мэхъу цІыху псоми ящІэр ядэпщІэну уэзэрыхуэмейр. Сыт колхозым ущІыхэмыхьэр? - жиІащ.

- Колхозым дэрэ дызззэгъынукъым, Мурид. Сэ сылэжьэнущ, адрейхэм зыщІрагъэхьинущ, сэ ар схуэшэчынукъым! - жиІащ ТІкІам.

- Хьэуэ, колхозым учётчик иІэнущ, щхьэж къилэжьар ирагъэкІынущ, - жиІащ мыдрейм.

- Хьэуэ, Мурид, сыхьэмыгъэзыхь, апэщІыкІэ сепІыынщ абы хыхьахэр зэрыпсэуэм, итІанэ сэри сыхьэхьэнщ, - жиІащ ТІкІам.

- Хьунщ, плъагъунщ колхозхэтхэр фІыуэ зэрыпсэнур. Дэ трактор диІэщ, гуэдзыІуэ машинэ диІэщ. Уэ уи шитІымкІэ увэфынукъым, уи закъуэ гугъу уехьинщ, - жиІа щхьэкІэ, ТІкІам имыдэу щІэкІыжащ.

Жэщ гуэрым, ТІкІам гъэзлъыжауэ здыхэзыльым, Къзанш Бэчмырзэ яхэту и ныбжьэгъу зыгІыщ зэрегъэфауэ блэкІыжхэрти, «ТІкІам, ТІкІам!» - жаІэрт. Ар псэльафэу къахуэнащ си къуажэгъуэжм.

Дол ТІкІам Хэку зауэшхуэм и пэкІэ дунейм ехьжащ.

КЪАРДЭНГЪУЩІ Зырамыку.

● Къуажэхьхэр

Мэкъур дзэкІэ зезыхь

ЩІым едзэгъу гъурыджэ,
Гъурыджэ гъуджафэ.

Мэкъур дзэкІэ зезыхьэ,
Ауэ езыр Іыхьэншэ.

Унэ лъэгум щызекІуэ,
ЗемыкІуэфыр къезы-
хьэкІ.

Унагъуэм ирах,
НэгъуэщІ щІыпІэ щашхыж.

Пшагъуэм и зэман,
Зэман зэошыгъуэ.

Дыщэ кІанэ куэдыкІей,
Ауэ зыми имей.

ЖЭУАПХЭР:

Гъэдзэгъэ Іуэхуэ. Гъэдзэгъэ Іуэхуэ. Гъэдзэгъэ Іуэхуэ. Гъэдзэгъэ Іуэхуэ. Гъэдзэгъэ Іуэхуэ. Гъэдзэгъэ Іуэхуэ.

Зэхэзылъхьар **ЩОДЖЭН Леонидщ.**

● ЖыІэгъуэхэр

Дамэ зытетри щІылъэм кьохуэх

♦Дзэзешэ и шабзэ уб зэщъхьуркъым.
♦Хъуэжэ и куэбжэр сыт щыгъуи зэІухащ.
♦Хьэми псалъэ дахэр къызгурОІуэ.
♦Дамэ зытетри щІылъэм кьохуэх.
♦Гъэр зыхуэдэр бжьыхьэм къеІуатэ.
♦Іуэхум уегугъумэ, хъуэпсапІэри нахуапІэ хъунущ.
♦ЩІхьэщытхъу и псалъэр кІыхьщ.
♦Ахъшэ зи хуэдым батэр егъэш, ар зимыІэм езым зегъэш.
♦Гъэсар Іэсэщ, мыгъасэр емылыджщ.
♦Хабзэр бгъэбзащхьуэмэ, напэр трех.
♦Хьыбар нэпщІэу псынщІэу жызыхь нос.
♦ЩІэщыгъуэр зи нэрыгъым махуэм щэ ехьуэж и фащэр.
♦Іуэху нькъуэщІэ къагъанэу кІэнджэгу ежьэжыркъым.
♦ТІум ящІэ щэхур псынщІэу нахуэ мэхъу.

АФЭЩІАГЪУЭ Іэнас.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **5**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз тхакІуэ, композитор. **7**. Іэ телъхьэпІэ зиІэ шэнт щабэ. **10**. Шым и фэ, и теплъэ. **11**. Къум щІыбжьым къинэу Сосрыкъуэ къригъэла нартхэм ящыщ зы. **12**. Район, псыежэх. **13**. Арсынэ кІыхьыр и ..., шынакъ кІы гъуанэр и щІасэщ. **15**. Купсэ кІыхь зиІэ уд3; цІыхум яшх. **16**. НэкІум иІэ зэлъагъэ. **21**.Бын. **22**. ИбгъэкІыжа фыз ... **23**. Адыгэ бзылъхъгъэ уэрэджыІакІуэ Іэзэ ... ФатІимэ. **24**. Емыгупсысу Іуэху гуэркэр кьеІзыхьэжьэ акъыпл псынщІэ. **25**. ... цІыкІу бжьаКъуэшхэ. **27**. Щхьэл мывэр зэкІэрэхъуэкІ гъущІ яе. **32**. Дунейм екьжам щхьэкІэ жаІэ: «... нэху Тхьэм кърит!» **35**. ... апщий! **36**. Псыежэх, кІуажэ. **37**. Уд фызыжьыр кхъуэанэкІэ псыхьэ зыгъэкІуа щІалэ Іущ цІыкІу. **38**. КхъуакІэ кІыхь зыІут ІэлъэщІ.

Къехыу: **1**. Нартыху гъэлыгъуа хьэжьигъэ. **2**. ... уадзэр Іэтыгъуейщ. **3**. Хьэлу, хьэтыкъ, чыржын, ... **4**. ЩІалэм ... Іугъуэр дрегъэхуей. **6**. Къэралым и командэ хьэхэам хэту а зырщ дуней псом и чемпион щэнёрэ хьуа футболисту щыІэр. **8**. Гречиху къэкІыгъэм адыгэбзэкІэ зэрядзкэр фщІэрэ? **9**. Адыгей Республикэм и ялэ президент ... Аслъэн. **13**. ... цІэрыІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь Пащты Салимэ. **14**. Нэхъапэм адыгэм зэрахьэу щыта лэгъупыр, гуэгуныр а гъущІым къыхащІыкІырт. **17**. Шхыныгъуэ: къуэйлъалъэ, кІэртІоф, лы е нэгъуэщІ ерыскъыпхъэ дэлъу ящІу. **18**. Къыщалъхуар мыхъуу, нэгъуэщІ щІыпІэ кІуауэ щыпсэу цІыху. **19**. БгитІ зэхуаку. **20**. МусЛъымэн дин лэжьакІуэхэм нэхъапэм ящыгъыу щыта щыгъын щІыІутелъ. **26**. Адыгэ композитор. **28**. КьэкІыгъэм и гъэгъам щІщ зы тхьэмпІэ цІыкІу. **29**. Хамэ унагъуэ пІалъэкІэ ирата щІалэ цІыкІи и гъэсакІуэ. **30**. Гъавэ кърахьэлІэжам щхьыщІкІэхэм ират Іыхьэ. **31**. ... фІэІэфІыр нэм фІэдахэщ. **33**. Мэлыц щабэ. Е ... бостей. **34**. ЩэкІ кІапэ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

ЩІышылэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **3**. Тыгум. **4**. Азэн. **6**. ЯтІэкъуэ. **7**. Гъэузи. **11**. Хон. **12**. Тхьэрыкъуэ. **15**. Соку. **18**. Пшэр. **19**. Тулэ. **21**. Сэхьу. **24**. Лъабзэ. **25**. Шыдыгу. **27**. ХущІэ. **29**. Лъахъш. **33**. Есэп. **35**. Гудзэ. **36**. Ажэгъуэмэ. **37**. Ялэ. **40**. Къургъакъ. **42**. КъуэщІий. **43**. Кьарр. **44**. Тафэ.

Къехыу: 1. ІумпІэ. **2**. Къуаргъ. **3**. ТІатІэ. **5**. Назэ. **8**. Бохъшэ. **9**. Еру. **10**. Щоблэ. **13**. Хьэку. **14**. Къуэгъу. **16**. Гур. **17**. Ит. **20**. Гъубж. **21**. Сэху. **22**. Хъушэ. **23**. «Адэ». **26**. Вабдзэ. **28**. Дзэхупс. **30**. Шэ. **31**. Быж. **32**. Сом. **33**. Ем. **34**. КуГъуэ. **38**. Арыкъ. **39**. Щимэ. **41**. Къауц. **42**. Кьунтх.

Редактор нэхъыщхьэм и ялэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфіыціэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылэсэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ШІырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Кьаншокьуэ Эллэ (жэуап зыльы секретарь), Кьардэн Маринэ, Къумахуэ Астъэн, НэщІэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыпэсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; эдэхэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъаэзэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, редактору Щоджэн Инэ (1, 2, 3-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дзІэныкъуэгъуэ Нэужьокъуэ Заирэ. КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жанинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.001 ● Заказ №57